ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ
ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

Бердақ атындағы
Қарақалпақ мәмлекетлик университети

Қарақалпақ филологиясы факультети

Журналистика тәлим бағдарының 4-курс студенти
Назира Нарбаеваның «Әдебий редакторлаў
тийкарлары» пәнинен жазған

# КУРС ЖУМЫСЫ

## Тема: Публицистикалық лирикада әдебий редакторлық хызмет (И.Юсупов поэзиясы мысалында)

**Орынлаған:** **Нарбаева Н.**
**Қабыллаған:** **Қожықбаева З.**

**НӨКИС – 2014**

## Жобасы:

Кирисиў

1.Публицистикалық лирика ҳәм оның И.Юсупов дөретиўшилигиндеги орны

2. Публицистикалық лирика хаққында түсиник.

3. Шайыр жасаған дәўир ҳәм көркем образ

4. Баспасөзде шайыр дөретпениң орны

Жуўмақ

Пайдланылған әдебиятлар

# Кирисиў

И.Юсупов қарақалпақ миллий лирикалық публицистикасын раўажландырыўға үлкен үлес қосқан шайыр болып есапланады. И.Юсуповтың лирикалық публицистикасының көркемлик өзгешелиги үрдисли әдеби қосықты шалыс уйқаста жазыўында айқын көринеди. Биз анализ етип атырған «Еки жол» қосығы да, а-б, а-б, түринде жазылған. Сондай-ақ, ўақыяларды баянлаўда үлкен жетискенлик ҳәм көркем шеберлик көрсете алған. Бундай-ағла пәзийлетлер жас шайырлар ушын үлги мектебин атқарыўы сөзсиз.

Еки урыста өлген, бир келин бунда,
Көптен көмеклесип сол үйде жүрди.
Аўырыў ҳаял илажсыздан соңында,
Өз үстине сол келинди әперди.

Ел билди, билсе де ерси көрмеди,
Керек адам еди ағам халыққа
Баслық басқа бузық жолдан жүрмеди,
Келинди ол мәслик ушын алып па?[1]

Шайырдың бул қосығында терең лиризм адамгершиликтиң терең мәниси ҳәм сол дәўирдеги сиясаттың моаллий пәзийлетлери менен санасыпайтуғын тәреплери ашық айтылған.

Күнлердиң бир күни ағамды бирақ,
Райкомның бюросына шақырды,
Тум-тустан сиясат шынжырын орап,
Бузықсаң деп албыратты пақырды.

Сонда бир нәҳәнди турып,
Жол қоймады қатты сөзге барноға,
Сизге еки жол бар-деди бурыйып

---

[1] Сонда 38-бет

Партияда қалыўға я қалмаўға

И.Юсупов публицистикалық лириканы ҳәр қыйлы мазмунда бериўдиң шеберлеринен есапланады. Мейли, ол сиясий лирика болсын, мейли ол философиялық лирика болсын шайыр қәлеген темада еркин қәлем тербете алады.

Әдебий жумыстың бағдарын ямаса бир жазыўшының тулғасын оның бир шығармасы арқалы ашып бериў қыйын. Лекин жазыўшы – шайырлардың турмыстағы гейпара ўақыялардан күшли тәсирленип белгили бир идеяларға берилип шығарма дөретиўге әдебият сыншыларын бирден ләрзеге келтириў мүмкин. И.Юсуповтың «Ҳәр кимниң өз заманы бар» қосықлар топламындағы айрықша орын тутатуғын лирикалық публицистикаларының бири «Әмиўдәрья» қосығы болып есапланады. Бул қосық 2000-2002 жылларда елимиздеги суўсызлықтың нәтийжесинен келип шыққан шығарма. Шайыр қосықты Әмиўдәрьяның өткен дәўирдеги нәўпир урып турған күшли ағысын, оның әййемги тарийхына нәзер аўдарып, атырапында дүньяға аты белгили болған Бухара, Самарқанд, Үргениш, Хийўа сыяқлы қалалардың бой тиклегенлигин көтериңки йош пенен көркем сүўретлейди:

Еллинлер Окс деп Огуз дәрьяны,
«Жайхун» деп араблар мақсады оны,
Бир мәнзилде турақламас пейлиңди.
Яд билер тарийхтың түрли заманы.

Искендер, Шыңғыслар суўғарып атын,
Әмир Темур қурып зор салтанатын,
Бухара, Самарқанд, Үргениш, Хийўа,
Бойында тиклеген даңқ имаратын.[2]

Шайыр «Әмиўдәрья» қосығын усы тақилетте дәрьяның қандай қүдиретке ийе болғанын оқыўшы көз алдына сүўретлеў усылы менен баслайды. Шынында да, қосық күшли лиризмге ҳәм толғанысқа бай.

---

[2] Сонда 11-бет

Қосықтың орталарына келип, дәрьяның  адамлар тәрепинен ашынарлы жағдайға түсип қалыўы исенимли ҳәм тәсирли шыққан. Ҳақыйқатында да, Әмиўдәрьяның қурылыўына өзлеримиз себепши болдық. Оны көз-көрекли бийпарқ сарыпладық. Ақибетинде оның ақпай тартылып қалғанына енди жанымыз ашып атыр. Буны тәбияттың инсанға берген қатаң жазасы деп айтсақ та болады.

И.Юсупов өзиниң ойын айтпастан бәлки пүткил халық атынан сөйлейди. Өзиниң ишки публицистикалық ой-пикирлери арқалы халықтың дәртин қозғайды.

Шайырдың «Кегейли бойында» «Аўылдағы кеш» лирикалары да, дәрьялардың қурыўы, суўсызлық дәўириниң қыйыншылықлары ҳаққында:

Бурын жылда пахта, салы егилип.
Ақ бийдай ирғалған кең тахталықлар.
Бағлар миййаламай гүли төгилип,
Ҳәзир суў сорайды атыз арықлар.

Суўсызлық тәртиниң несин айтасаң
Атыз беттен қолын суўып қайтасаң
Еки жылдан берлди егинде сән жоқ.
Телпегин түседи баста шайқайсаң.

Жумақлап айтқанда, И.Юсупов лирикалық – публицистикасы арқалы улыўма адам өмири, тәғдири, заманы туўралы терең ой жуўмағын шығаратуғын шайырлардан есапланады. Шайырдың «Ҳәр кимниң өз заманы бар» қосықлар топламында философиялық мазмунды өз ишине қамтыған публицистикалық лирикалары да көплеп ушырасады. Улыўмаластырып айтқанда, И.Юсуповтың лирикалық публицистикасы ҳақыйқый ўақыялық тийкарында қурылғанлығы, тәсиршеңлиги ҳәм көркемлиги менен белгили. Шайыр публицистикалық поезиясының тематикасы турмыста ушырасатуғын ўақыяларға қурылған.

Қарақалпақ халқының уллы байтереги Өзбекстан халық қаҳарманы, шайыр Ибрайым Юсуповтың шығармаларында лирикалық публицистиканың өзине тән қәсийетлери дәуир ҳақыйқатлығын ашып бериўде инсанның ишки кеширмелерин, ой-пикирлерин сәўлелендириўде көринеди.

И.Юсуповтың «Лирикалық шығармаларында публицистикалық қәсийетлер ҳәм көркем-эстетикалық сезимлер шайыр публицистикасында лирикалық қәҳәрманларының жеке руўхый кейпиятлары, наразылықлары арқалы ашып бериледи. И.Юсуповтың лирикалық публицистикасында Арал машқаласының инсанийат тәғдириндеги ең аўыр апатшылықтың бири екенлигин тематиканың бири болып табылады. Оның қосықларында Арал теңизи экологиялық апатшылықтың инсанийат тәғдирине тәсири лирикалық публицистика арқалы ашып берилген.

И.Юсупов публицистикалық лирикасында публицистикалық ой-пикирди де көркемлеў қураллары ҳәм усыллары арқалы барынша көркемлеп бериўге ерискен. Асиресе «Мийўе ағашы марапатқа малынды» «Кеўил қатержамлық шербетин ишип», «Ийкемшилер иңғай жақын жағалап», «Аяқларды қатып гөне шөңгелер», «Бетон мал қоралар муздың ығындай», деген қатарларда терең жүдә шебер қолланған.

И.Юсуповтың «Дузлы самаллар» топламындағы «Бул жер еле зор болады» «Арал эллегиялары», «Боранлы кеште» сыяқлы лирикалық шығармаларында экологиялық қыйыншыларда, дуздың кескин көбейип кетиў себеплери лирикалық публицистика арқалы ашып берилген. Мәселен: «Бул жер еле зор болады» қосығында экологиялық машқала публицистикалық лириканың ең тийкарғы проблемасы сыпатында алынады. Онда шайыр экологиялық апатшылықтың тәшўишке түседи ҳәм оның себебин излеўге ҳәрекет етеди. Катерилген проблеманың шешимиң табыўға урынады.

Шайыр лирикалық шығармаларында Ўатанға болған публицистикалық сезимлерин, ой-пикирлерин көркем образ ҳәм усыллар арқалы барынша

көркемлеп береди, ой-пикирлерин, сезимлерин көркемлеў қураллары болған аллегория, теңеў метафоралардан шебер пайдаланған ҳалда баян еткен.

Патриотлық қәсийетлери ана жеримизди қәдирлеў, оның қайғы-мыңларына жаны ашыўшылық пенен меҳир-муҳаббатын билдириў. Арал экологиялық апатшылықларға муң-шеберин билдириў менен бирге жасаў келешегинен де үлкен үмитлер күтип жасаў, заманласларымыздың әдеп-икрамлық, мораллық тазалығын қәлеўи, миллий қадириятларды асырыў ҳәм улығлаў сыяқлы қәсийетлери менен көзге түседи.

## I бап.Публицистикалық лирика ҳәм оның И.Юсупов дөретиўшилигиндеги орны

### 1.1.Публицистикалық лирика хаққында түсиник.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары өзиниң сиясий-экономикалық ғәрезсизлигине ерискеннен соң еркин-демократиялық жолын таңлады. Бул жәмийетимиздиң бәрше тараўларында үлкен өзгерислердиң жүзеге келиўине, жаңаша еркин пикирлердиң ояныўына түртки болды. Бәрше тараўларда болғаны сыяқлы жүрналистикада, публицистикалық дөретпелерде, сондай-ақ әдебиятта да үлкен жаңалықлар ҳәм жаңаланыўлар жүз берди. Бул жаңаланыўлар әдебиятта турмыс шынлығының заман ҳақыйқатлығының сәўлелениўинде өз көринисин тапты. Әсиресе, поезияда публицистикалық усыл арқалы дәўир шынлығы ашып берилди.

Ҳәзирги Қарақалпақ публицистикалық лирикасы бойынша арнаўлы изертлеўлер алып барған жас алым А.Аяповтың айтқанындай, «Ғәрезсиз заманымыз жәмийтимизде демократиялық өзгерислер дәўири басланды. Усы себепли бурын айтыў мүмкин болмаған, қадаған етилген, бирақта, адамлардың кеўлиндк қашшан-ақ писип жетилисип жүрген ой-пикирлерди айтыў мүмкиншилиги жаратылды. Өз дәўиримиз айнасы болған көркем әдебиятымыз, оның белгили ўәкиллери буннан өнимли пайдаланыўға үлгерди. Айырым шайырларымыз, жазыўшыларымыз, драмматурглеримиз

1970-жыллардың екинши ярымы ҳәм 80-жыллардың басынан баслап-ақ, талантлы дәўири жәмийеттиң иллетлери, көз боямашылық. Жағымпазлык, қоршаған орталыққа  парықсыз қатнас ҳ.т.б. инсан еркинлигине шек қойылыўының унамсыз әқибетлери ҳаққында жаза баслады.

Көп узамай әдебиятымыздағы ашық сөзлиликтиң, ой-сезимлердиң туўрыдан-туўры жемиси болған публицистикалық лирикада жүзеге келди ҳәм ол бүгинги күни өзиниң раўажланыў жолына ийе болып үлгерди.

Қарақалпақ халқының уллы байтереги болған Өзбекстан халық қаҳарманы, шайыр Ибрайым Юсуповтың шығармаларында лирикалық публицистиканың өзине тән қәсийетлерин көриўимиз мүмкин. И.Юсупов шығармаларында дәўир ҳақыйқатлығын ашып бериўде, инсанның ишки кеширмелерин сәўлелендириўде лирикалық публицистика усылының бар екенлиги сезиледи. Көрнекли алым Қ.Ярымбетов өзиниң «XIX әсир Қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы» атлы мийнетинде атап көрсетилгениндей «Лирикалық шығармадағы публицистикалық қәсийетлер ҳәм көркем-эстетикалық сезимлер шығармадағы лирикалық қәхәрманның жеке руўхый кейпиятлары, дағдарыслары, наразылықлары арқалы бериледи».

И.Юсуповтың лирикалық шығармаларында бундай сезимлердиң сүўретлениўин «Өмир саған ашықпан…….» қосықлар топламындағы «Аралға» қосығы арқалы да көриўимиз мүмкин. Шайырдың 1998-жылы жазған бул қосығы еки куплеттен ибарат болыўына қарамастан терең мәнини өз ишине қамтыған. Қосықта Қарақалпақ халқының тәғдири, Арал теңизи менен тығыз байланыслы екенлиги, сонлықтан-да, оның қәдирине еле де жетиўимиз кереклиги ҳаққында философиялық ой, лирикалық сезим оятады.

Мәселен:

Тәңрим берди сени бул адамзатқа,<br>
Грыс қазаны болып қайнап турсын деп,<br>
Бенделериң шағлап, жетип муратқа,<br>
Бул алтын жағыста дәўран сүрсин деп.

Қәдирине жетпедик, әзийзим Арал,

Гүрсинген ҳаўазың тур қулағымда,

«Үмитиң-жолдасың деген де сөз бар.

Толқырсаң заманың келген шағында.

Шайыр бул қосығында Арал машқаласының инсаният тәғдириндеги ең аўыр апатшылықтың бири екенлигин публицистикалық усыл арқалы ашып береди. Қосықта Арал теңизи Таңир яғный Аллата тәрепинен инам етилген ырысқы-несийбе екенлиги, лекин оның қәдирине жете алмағанлығымыз сүўретленген. Сондай-ақ Арал теңизиниң қайта баслаўын» «Гүрсинген ҳаўазың тур қулағымда» деп образлы тәризде мәнили бере алған. Публицистикалық шығармаларда болғаны сыяқлы, жәмийетлик машқаланың ҳақыйқый көринисин дәл фактлер тийкарында жаратыў публицистикалық лирикада ушырасады. Бирақ, публицистикалық лирикада көркемлеў ҳәм образлылық мәлим дәрежеде үстинлик етеди.

Мәселен, И.Юсуповтың «Өмир саған ашықпан……» қосықлар топламындағы «Жаңа әсирге», «Перзент», «Саҳра бүлбүлине», «Сүмелек қайнатқан жеңгеге», «Орның бәрҳа төрде болды, ақсақал», «Бул дүнья», «Таллар жапырақ төкти, урықлап қуўрап», «Болмас», «Шайырға енер», «Сүймегенге сәлем жағар», «Еркин базар» ҳәм басқа да қосықларында лирикалық публицистикалық өзине тән қәсийетлерин көриўимиз мүмкин. Шайырдың оның бәрҳә төрде болды, ақсақал» атлы қосығында ел-халық ушын хызмет еткен Қарақалапақ перзенти Мәтеке Жуманазаровтың искерлиги сөз етиледи. Мәселен, қосықта:

Талы жағыс тамғалының жеринде,

Бул жақты жәҳәнге келдиң ақсақал,

Ат көтерип Қарақалпақ елинде,

Бир киси ким болса, болдың ақсақал.

Уллы елдиң қара табан дийханның

Аўыр мийнет нанын жеген адамның,
Алдыңа ат тартқан жаңа заманның,
Аянбай мийнетин қылдын, ақсақал.

Қәтебин жазбаған нардай күшли един.
Ҳарып-шаршап  ат белинен түспедиң.
Ел ушын ентелеп жумыс иследиң.
Халқымның кеўлинен шықтың, ақсақал

Көрип турғанымыздай шайырдың бул қосында лирикалық публицистика қәсийетлери терең сезиледи. Мәселен, қосықтағы қаҳарманның жәмийетлик искерлиги, халыққа еткен хызмети ҳәмде өз халқының алғысына миясар болғанлығы анық баян етилген. Бирақ, шайыр публицистикалык ой-пикирлерин сезимлерин көркемлеў қураллары арқалы образлы сәўлелендиреди. И.Юсуповтың экологиялық машқалаларды терең ашып бериўге бағышланған бир қатар қосықларында да публицистикалық усыллардан пайдаланылғанын көреўимиз мүмкин. Мәселен шайырдың 1988-жылы баспадан шыққан «Дузлы самаллар» қосықлар топламында экологияның өзгериўи ҳәм оның жағымсыз әқибетлери публицистикалық усылда берилгенлиги сезиледи.

Белгили илимпаз профессор Қ.Оразымбетов өзиниң «Ҳәзирги Қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы атлы монографиясында И.Юсуповтың «Дузлы самаллар» топламына әдебий теориялық анализ бере отырып, шайырдың лирикасында экологиялық машқалалар публицистикалық лирика арқалы ашып берилгенлигин көрсетеди. «Атап өткенимиздей, қосық-публицистикалық лирика деп айтады профессор  Қ.Оразымбетов – лекин, шайыр публицистикалық ой-пикирди де көркемлеў қураллары ҳәм усыллары арқалы барынша көркемлеп бериўге ерискен. Әсиресе, «Мийўе ағашы, марапатқа малынды», «Кеўил қәтержамлық шербетин ишип», «Ийкемшиллер ынғый жабын жағалап», «Аяқларды қағып гөне шөнгелер», «Бетон мал оралар муздың ығындай»,

«Бийдоенеолет баланың хожалығындай» деген қатарларда аллегория, метофога, теңеў, жүдә шебер қолланылған.

## Шайыр жасаған дәўир ҳәм көркем образ

И.Юсуповтың «Дузлы самаллар» топламындағы «бул жер еле зор болады», «Арал элегиялары», «Боранлы кеште» сыяқлы лирикалық шығармаларында экологиялық қыйыншылықлар, дуздың кескин көбейип кетиў себеплери лирикалық публицистика арқалы ашып берилген. Мәселен: «бул жер еле зор болады» қосығында экологиялық машқала публицистикалық лириканың ең тийкарғы проблемасы сыпатында алынады. Онда шайыр экологиялық апатшылықтың тәшиўишке түседи ҳәм оның себебин излеўге ҳәрекет етеди. Көрсетилген проблеманың шешемин табыўға урынады. Турмыста жүз берип атырған экологиялық машқалаларды анық мысаллар менен көркем сүўретлеп береди.

Мәселен:

Аўыз суўын дузлақ болса,
Үйренген өз дузың болар,
«Суў барма?» деп соза-соза
Түйе мойын узын болар……

Асты да дуз, үсти де дуз,
Жасап турған жеримиздиң,
Ашшы-ғой деп налымаңыз,
Тамған маңлай теримизди

- деп ўақыялықты лирикалық усылда көркем баянлайды

Шайыр бул лирикалық шығармасында экологиялық апатшылық жағдайдан қыйыншылыққа үмитсизликке түскен халқының руўхын көтериўге публицистикалық көркем усыл менен исеним оятыўға ҳәрекет етеди. Буны биз қосықтың төмендеги қатарларында көриўимиз мүмкин:

Бардыр болжаў қәбилетим

Билген нәрсем сол болады,
Сәл азырақ сабыр етиң
Бул жер еле зор болады.

Өйткени бир қора барақ
Шөп емес ғой адам деген,
Тереӊ тамыр урған дарақ,
Ўатан деген, ўатан деген.

Бирақ жетпес өз жериңе
Қанша жаман дегенде де,
Бейиштиң тап нақ төринде,
Катеж қурып бергенде де.

Бул қосықта көрип турғанымыздай, инсанның Ана ўатанға деген шексиз муҳаббатының қаншелли тереӊ екенлигин публицистикалық лирика арқалы көрсетип береди. Экологиялық жақтан қаншелли қыйын шараятта болса да Ўатанға болған ҳүрмет жоқары болыўы керекли екенлигин халыққа уқтырады.

И.Юсуповтың Ўатан сезимлерин лирикалық публицистика арқалы жеткериўи, әсиресе, оның «Пошша торғайға» атлы қосығында кеӊ тәрийип етилген. Пошша торғай образы арқалы шайыр туўылған жер ышқысын сүўретлейди.

Май топыраққа аўнап дүр-дүр силкинип,
Сен көкке қарсаң қайта йошланып,
Туўылған жер ышқын йош бул мен билсем,
Бул сезимде мениң кеўлимде қанық.

Шайыр лирикалық шығармасында ўатанға болған публицистикалық сезимлерин, ой-пикирлерин көркем образ ҳәм усыллар арқалы барынша көркемлеп береди. Ҳәттеки, пошша тоғай менен сәўбетлесип атырғандай,

торғайдың сайраўы өзи киби ўатан жери менен байланыстырады. Мәселен қосықта:

Сайра достым, әлҳаўада пырпырлап,

Саз бенен сәўбетсиз дәўран боларма,

Сен көкте менен жерде буншелли шырлап,

Сүймегенде, оннан ўатан болды ма.

деп шайыр ўатанға болған ишки сезимлерин публицистикалық лирика усылы менен халыққа жеткизеди.

И.Юсупов лирикалық шығармаларында соннан турмысты анық сәўлелендириўши, бүгинги күндеги ҳәр қыйлы жәмийетлик машқалаларды көтеретуғын қосық қатарларды көриўимиз мүмкин. Әлбетте лирикалық бундай типтеги көқарасларды публицистикалық усыл сыпатында қараў мүмкин. Сонлықтан да, жас илимпаз Ж.Мәрзияев өзиниң «Қарақалпақ публицистикасының раўажланыў басқышлары» атлы мақаласында:

«Публицистика социал турмыста сәўлелендириўдиң айрықша бир түри болып, соцаллық турмыстың сол күндеги, сол замандағы машқалаларын өзинде жәмлестиреди ҳәм ҳәзирги заманға хызмет етеди. Яғный публицистика заман машқалаларын сол заманның адамларына жеткизиў, сол заман машқалаларына қарата жәмәәтшилик пикирлерин оятыў мақсетине хызмет көрсетиўши дөретпе түри болып есапланады.

И.Юсуповтың лирикасында жәмийетлик сиясий, социаллық турмыс машқалаларын жаратып бериўши қосықлар көплеп ушырасады. Мәселен, оның СССР дың биринши ҳәм соңғы президенти М.С.Горбащевқа арнап жазған «Көрсеткен зәҳәтлы күнниң усы ма? атлы қосығында заман машқалаларын көркем-публицистикалық, лирик усылда кең сүўретлейди. Мәселен, қосықта:

«Қаўын-қаўын» деген ойын бар қызық…..

Қайта құраман деп ҳәммеси бузып,

Халықта бос дүканның аўзына дизип,

Купонға үңилткен күнниң усы ма?

Усап дүзде қасқыр қуўған кийикке,
Бақалар семирип кетти бийикке.
Парахордың мәпине ким тийипти?
Әдил заман орнатқаның усы ма?

Ең бай елди жулдыз санатып,
Журтты жаўыз мафияларга талатып,
Батысқа қол жайып, қайыр соратып,
Бир масқара қылған жериң усы ма?

Көрип турганыңыздай, бул қосықта қайта қурыў дәўириндеги дағдарыслы заман машқалалары жәмийетлик-сиясий аўҳалы публицистикалық лирика, арқалы кең сөз етилген. Себеби, бунда сол замандағы жол картинасы анық мысаллар көринислер, дәлийллер менен шебер ашып берилген. Әлбетте, буны биз лирикалық публицистика деп айта аламыз. Бирақ, ондағы ўақыялық лирикалық шегинислер, көркемлеў қураллары менен образлы көрсетилген.

Шайырдың «Базар жолында» деп аталған лирикасында да бир дәўирден, екинши дәўирге өтиў барысындағы өзгерислер, жәмийетлик, экономикалық машқалалар өз көринисин тарқан.

Бирақ енди изге қайтып та болмас,
Аттың басын кейин тартып та болмас.
Қайда барамыз? деп айтып та болмас
Тәўекел қайығын минди жигитлер,

Бул сондай әжайып базар болажақ,
Жәҳән саўдасына барын салажақ,
Әдалатлық тәрезисин қуражақ,
Бизиң безбен дәртке аспас, жигитлер.

Бул базарда өтпес епкемей затын,
Жеңимпаз атанған сый-марапатың.
Конкуренция деп жарыстың атын
Сол жарысқа шайпалыңлар, жигитлер.

Бул қосықта базар қатнасықларына өтиў дәўирине енди ғана қәдем таслап атырған ўақыттағы ҳалатты көркем лирикалық усылда баянлаған. Әлбетте, шайыр базар экономикасын жақсы түсинген ҳәм өз түсиниклерин кең жәмийетшиликке публицистикалық лирика арқалы жеткериўге ҳәрекет еткен. «Халық өмириниң бурылыс мәўритлеринде бир жәмийетлик системадан, екинши жәмийетлик системаға өтиўге умтылыс дәўиринде әдебияттағы публицистикалық бағыт, оның ажыралмас бөлеги болған публицистикалық лирика алдыңғы планға шығып, инсан кейпиятының индикаторы, оның кеўлиндеги жалынлы сөзди айтыўдың трибунасы дәрежесине жетеди. Ал, бул болса, публицистикалық лириканы оны дөретиўши авторлардың дүнья танымы, қоршаған орталыққа көз-қарасы, психологиясы ҳ.т.б. философиялық мәселелер менен байланыста изертлеў керек деген мәнини аңлатады[3]. Солай етип, И.Юсуповтың шығармаларында лирикалық публицистика жәмийетлик-сиясий машқалаларды анық ўақыялықлар тийкарында ашып бериўде әҳмийетли орын ийелейди.

---

[3] Аяпов А. "Ҳәзирги қарақалпақ публицистикалық лирикасын изертлеўдиң илимий-теориялық мәселелери"

## Баспасөзде шайыр дөретпениң орны

И.Юсуповтың лирикасында экологиялық машқаланы сәўлелендириўде де лирикалық публицистика элементлеринен, қәсийетлеринен кең ҳәм шебер пайдаланғанлығын көриўимизге болады.

Шайыр лирикалық шығармаларында публицистикалық ой-пикирлерин, сезимлерин көркемлеў қураллары болған аллегория, теңеў, метофоралардан шебер пайдаланған ҳалда баян еткен.

И.Юсуповтың публицистикалық лирикасында автор поэзиясы туўрыдан-туўры бериледи. Сонлықтан-да шайырдың публицистикалық поезиясындағы автор поезиясы менен лирикалық қәҳәрман орталығындағы байланыс бир-бирине сыбайлас екенлиги сезиледи. Мысалы, И.Юсуповтың «Мустақыллық майданшасынан өткенде» қосығында автор «мени» менен лирикалық қәҳәрман арасындағы бир-бири менен сыбайласлық дәрежесин көриўимиз мүмкин.

Бүгин Әмиў болып аққым келеди,
Арғымақ ат болып шапқым келеди,
Бүгин өңирине өзбек ағамның.
Кеўлимнен гүл үзип таққым келеди,

Наўайы, Бердақлар дәстан питкенде,
Бабур тәрки- ўатан қылып кеткенде,
Машраб ғәреллери паряд еткенде,
Ойға алған мәқсетине жеткен бе?
Балалар руўҳы кешти ойымнан,
Мустақыллық майданынан өткенде.

«Автор менен лирикалық қәҳәрман позициялары көбинесе бир-бири менен жүдә жақынласып, ҳәттеки бир-бири менен сәўбетлес пикирлес дәрежеге барып жетеди. Усының нәтийжеси сыпатында автордың оқыўшыға деген ашықтан ашық мүражаты оған қаратылған риторикалық сораў

типиндеги заманласын сәўбетлесиўге. Пикирлес болыўға, бир-бири менен дәртлес болыўға шақырыўшы, ҳәзирги заман машқалаларын биргелесип шешиўге ийтермелеўши усылларды, көплеп ушыратамыз.

Мәселен, шайырдың «Белгигиңди бузба сен» қосығында: Тарийхтың талай өткелин,

Сап пишип кешип өткенин,
Ядыңда ма? сапта да
Аяққа ығып кетпедиң
Ямаса «Ашық сөз» қосығында:

Ким ол уллы ислер шаңынан қашқан,
Гүллендириў ушын жаңа дүньяны,
Теңизде бир тамшы суў апармастан,
Шөллерге бурғанбыз асаў дәрьяны,

Лекин марапаттың заманы өтти,
Ашық сөйлесилер жигитлер менен,
Жасай бил шынлыққа тик бурып бетти,
Үлкен мәқсет, жаңа үмитлер менен

И.Юсуповтың лирикалық публицистикасы ҳаққында сөз еткенде айрықша итибар беретуғын нәрсе бул лирик қәҳәрманның ишки дүньясын, ой-сезимлерин заман талабына сай ашып бериўиндеги көркемлик болып табылады.

## Жуўмақлаў

Жәмийетлик жағдайды кейинги шерек әсирдеги миллий поезиямыздағы публицистикалық лириканың күшли раўажланыўының тийкарғы дереги сыпатында есаплаўымызға болады. Лириканың бул түриниң ғәрезсизлик дәўиринде өзиниң раўажланыўының жоқары шегине шығыўының және бир себеби, бул- шайыр менен оқыўшының өз-ара қатнасының жаңа сапа көрсеткишлерине өтиўи болып табылады.

Шайыр өзин толғандырған ойларды оқыўшының публицистиканың дурыс түсиниўин, өзине дәртлес болыўын, биргелесип ойласыўға, түсиниўге умтылыўын қәлейди. Усы себепли лирика жанрында көпшилик жағдайларда публицистикалық пафос публицистикалық қатнасады.

Мәселен, шайырдың «Корабллер қойымшылығындағы елес» деген қосығында

Кеше гүрлеп турған Үшсай портында,
Бүгин- корабллер қойымшылығы,
Көшип кеткен балықшылар журтында,
Жатар жайнап кемелердиң сынығы.

Еспе қумға ермек болып көмилген,
Ессиз параходлар, катер, баржалар,
Палубалар, қумнан зорға көринген.

Каютаға кирген самал жаршылар. Деген қатарларда лирик қәҳәрманның ишки руўхый дүньясы анық ашып берилген. Сондай-ақ шайырдың «Алыс әўладларға» деп аталған қосығында да лирик қәҳарманның ишки сезимлери, пәк қәлби, өмирге болған қызығыўшылығы айқын сәўлеленген.

Жазғы таңда жасыл жапырақ жалынып,
Бүлбүл қуслар менен сайрағым келер,
Батар күнниң шапағына шомылып,
Атар таңда сәлем жоллағым келер.

Солай етип, И.Юсуповтың публицистикалық поезиясында биринши гезекте, өз пикирлерин анық ҳәм туўры билдире алатуғын лирик қәҳарманның ишки дүньясы сәўлеленген. Баспасөздиң баслы талабы, биринши нәўбетте дәўир жылнамасын бериў. Усы коз-қарастан бахалаганда шайыр публицистикалық лирикасы өзинин актуаллыгы ҳәм ҳәзиржуўаплылығы менен ажылады.

Соны да айтып өтиўимиз керек, И.Юсуповтың «Өз ўақтында туўғанның ушын рәҳмет саған заманым!» публицистикалық лирикасында «Өз пикирин қайсы заманда болса да тайсалмай айта алатуғын өз, ойларын дурыс ҳәм ўақтында ортаға сала алатуғын лирикалық қәҳәрманның ишки келбети ашып берилген.

Жуўмақлап айтқанда, И.Юсуповтың публицистикалық лирикасында лирикалық қәҳәрман Ўатан сүйгишлик, жоқары партиотлық қәсийетлери ана жеримизди қәстерлеў, оның қайғы муңларына жаны ашыўы, күйиниўи менен меҳир-муҳаббатын билдириў. Арал машқалаларын, оның экологиялық қыйыншылығын терең сезиниўши, қайғырыўшы, соның менен бирге оның келешегинен үлкен үмитлер күтип жасаўшы заманласларымыздың әдеп-икрамлық, мораллық тазалығын қәлеўши миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятларды улығлаўшы қәсийетлери менен айрықша ажыралып турады.

Баспасөзде лирикалық публицистиканың жарық көриўи арқалы шайырдың дәўир ҳәм заман менен ҳәмнәпес шайыр екенлигинен дерек береди. Публицистикалық лирика аркалы жасаган әдебий образларының артында бүгинги социаллық турмысымыз ҳәм заманласларымыздың портрети геўделенеди. Газетада орын алған әдебият бети материаллары өзиниң тәрбиялық әҳмийети менен кунлы. Сонлықтан болса керек, газета оқыўшысы газетаны соңғы бетинен баслап оқыйды.

Биз курс жумысымыздың басында газетае оқыўшысы газетаны қайсы беттен баслап окыўды?-деген сораў қойған едик. Бир шайыр- И.Юсуповтын лирикасы мысалында булл сораўға жуўап ала алдық.

## Пайдаланылған әдебиятлар


1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкур. Т.I.-Т: Ўзбекистон. 1996.364 б.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т.II. Т. Ўзбекистон. 1996.
3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т.III.Т: Ўзбекистон. 1996.
4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т.IV. Т: Ўзбекистон. 1996. 349 б.
5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т.V. Т: Ўзбекистон. 1997. 384 б.
6. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т.VI. Т: Ўзбекистон. 1998. 429 б.
7. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т.VII. Т: Ўзбекистон. 1999. 410 б.
8. Каримов И.А. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. Т.VIII. Т: Ўзбекистон. 2000. 528 б.
9. Аяпов А. "Ҳәзирги қарақалпақ публицистикалық лирикасын изертлеўдиң илимий-теориялық мәселелери"
10. Жәримбетов Қ. "X1X әсир Қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы" Н. "Билим" 2004